


Prezidan
Thomas S. Monson



Ankre nan Lafwa Zansèt Nou yo

John Linford te gen 43 zan lè limenm ak madanm li, Maria, ak twa nan pitit gason yo te pran desizyon pou kite lakay yo nan Gravely, an Angletè pou yo te vwayaje plizyè milye kilomèt pou al jwen Sen yo nan Vale Gran Salt Lake la. Yo te kite katriyèm pitit gason yo a dèyè, li tap sèvi yon misyon, yo te vann tout afè yo, epi yo te pran transpòtasyon nan Liverpool sou bato *Thornton*.

Yo te vwayaje sou lanmè al nan vil Nouyòk, epi apres a apye al nan Iowa, san gwo pwoblèm. Sepandan, pwoblèm te kòmanse tousuit apre Lindfords yo ak lòt Sen Dènye Jou ki t ap vwayaje sou *Thornton* yo te kite vil Iowa a nan 15 Jiyè 1856, yo te fè pati konpayi charyo abra James G. Willi a ki te gen pil pwoblèm nan.

Move tanperati ak vwaya difisil la te lakoz anpil maladi ak lanmò nan plizyè konpayi, enkli konpayi John nan. Alafen, li te vin tèlman malad ak fèb ke yo te oblije pouse l nan yon charyo. Lè konpayi an te rive Wyoming, kondisyon sante l te deteryore anpil. Yon ekip sekou ki te sòti nan Salt lake te rive nan 21 Oktòb, sèlman kèlke èdtan apre vwayaj John nan mòtalite a te fini. Li te mouri bonè nan jou maten sa a bò kot rivaj Rivyè Sweetwater a.

Èske John te regrèt li te boukante konfò li ak lavi fasil pou soufrans ak privasyon, ak difikilte pou mennen fanm l nan Syon an?

Anvan l mouri li te di madanm li “Non, Maria.” “M kon-tan nou te vini. M pap vivan lè nou rive Salt Lake, men oudenm ak pitit gason nou yo ap rive, e m pa regrèt

anyen nou te travèse si pitit gason nou yo ka grandi epi vin elve fanmi yo nan Syon.”¹

Maria ak pitit gason l yo te fini vwayaj la. Lè Maria te mouri prèske 30 tan pita, limenm avèk John te kite dèyè yo, yon eritaj lafwa ak sèvis, ak devouman, ak sakrifis.

Yon Sen Dènye-jou dwe yon pyonye, paske defini-syon yon pyonye se “yon moun ki ale anvan pou prepare oubyen ouvri chemen pou lòt ka suiv.”² Epi pou nou pyonye nou dwe vin fè konesans avèk sakrifis. Byenke yo pa mande manm Legliz yo pou yo kite kay yo ankò pou yo vwayaje al nan Syon, souvan yo dwe kite ansyen abiti-d, ansyen koutim depi lontan, ak zanmi yo renmen dèyè. Kèk moun pran yon desizyon agonizan pou kite manm fanmi yo ki opoze a Legliz la dèyè. Sepandan, Sen Dènye-jou yo avanse, pandan y ap priye pou moun yo renmen sa yo ta vin konpran epi pou yo akseptè.

Chemen yon pyonye a pa fasil, men, n ap suiv mak pye pigran Pyonye a—Sovè a menm—ki te ale anvan nou, pou montre nou chemen pou nou suiv la.

Li envite nou,³ “Vini jwenn mwen.”

Li di: “Mwen se chemen an, verite a, ak lavi a.”⁴

Li rele nou,⁵ “Vin jwenn mwen.”

Chemen an ka difisil. Gen moun ki twouve l difisil pou yo reziste anba mokri deplezan moun k ap ridikilize chastete, onètete, ak respè kòmandman Bondye yo. Men mond lan te toujou twouve ke sa pa enpòtan pou yo suiv prensip. Lè Nowe te resevwa enstriksyon pou l te bati lach

la, pèp anfoli a te gade syèl san nyaj la epi yo te ri li ak pase l nan betiz—jiskaske lapli a te rive.

Sa gen anpil syèk, nan Kontinan Ameriken an, moun yo te doute, opoze, ak dezobeyi jiskaske dife te boule Zarayemla, tè te kouvri Mowoniya, epi dlo te anglouti Mowoni. P at gen pase nan betiz, moke, ridicilize, ak peche ankò. Yo te ranplase pa silans total ak gwo tenèb. Pasyans Bondye te rive nan limit, tan li te akonpli.

Maria Linford pat janm pèdi lafwa malgre pèsekisyon an Angletè a, ak difikilte vwayaj la pou l t al “kote Bondye . . . te prepare a,⁶ ak lòt tribilasyon li te andire pou fanmi li ak Legliz la.

An 1937, nan yon seremoni sou tonb la an souvni Maria, Eldè George Albert Smith (1870-1951) te mande posterite Maria yo, “Èske nou pral viv ankre nan lafwa zansèt nou yo”? . . . Fè efò pou nou vin diy pou tout sakrifis [yo] te fè pou nou yo.”⁷

Pandan nap chèche bati Siyon nan kè nou, nan fwaye nou, nan kominote nou, ak nan peyi nou, se pou nou sonje kouraj rezoli ak lafwa konstan moun ki te bay tout sa yo te genyen pou yo te ka jwi benediksyon levanjil retabli yo, avèk esperans ak pwomès li atravè Ekspyasyon Jezikri a.

NÒT

1. Gade nan Andrew D. Olsen, *The Price We Paid* (2006), 45–46, 136–37.
2. *The Compact Edition of the Oxford English Dictionary* (1971), “pyonye.”
3. Lik 18:22.
4. Jan 14:6.
5. Jan 7:37 gade tou nan 3-Nefi 9:22.
6. “Venez, venez, sans craindre le devoir,” *Cantiques*, no. 18.
7. Gade nan, *The Price We Paid*, 203–4.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Panse pou mande moun w ap anseye yo pou yo panse sou moun nan lavi yo ki ale anvan yo e ki te pyonye pou yo. Apresa, mande yo kilè yo te gen opòtinite sèvi kòm pyonye e prepare chemen pou lòt moun. Envite yo reflechi sou moman kote yo te oblije fè sakrifis ak poukisa sa te vo lapèn. Apresa, ou ta kapab mande yo pou yo ekri temwayaj yo konsènan “pi gran Pyonye a,” Sovè a.

JÈN YO

Ankre nan Lafwa

Prezidan Monson rakonte istwa yon fanmi ki te pyonye, epi l te site Prezidan George Albert Smith: “Èske nou pral viv ankre nan lafwa zansèt nou yo? . . . Fè efò pou n rete diy pou tout sakrifis [yo] te fè pou nou yo.” Kesewa ou gen yon zansèt ki te pyonye oubyen ou se premye jenerasyon manm nan Legliz la, èske ou gade sou egzanp lafwa yo pou direksyon ak fòs? Men yon bon fason ou kapab kòmanse:

1. Fè yon lis non moun ou admire. Yo gen dwa manm fanmi pa ou (pase oubyen prezan), zanmi, dirijan Legliz, oubyen moun ki nan ekriti yo.

2. Ekri kalite yo genyen ke ou renmen. Èske manman ou reyèlman gen pasyans? Petèt zanmi w la janti avèk lòt moun. Petèt ou renmen kouraj Kapitèn Mowoni.

3. Pran yon kalite nan lis ou a epi mande tèt ou, “kouman m ka fè pou m gen kalite sa a? Kisa m dwe fè pou m devlope bagay sa a nan lavi m?”

4. Ekri plan ou pou ou devlope kalite sa a, epi mete l yon kote ou kapab wè l souvan, pou raple ou objektif ou. Priye pou w jwenn èd Papa nou ki nan syèl la, epi cheke pwogrè ou regilyèman. Yon fwa ou santi w fin devlope kalite sa a ase, ou ka chwazi yon nouvo kalite pou w devlope ankò.

Sonje, lè nou devlope gran kalite nan noumenm, non sèlman nou onore lafwa zansèt nou yo ak sakrifis yo te fè yo, men nou ka yon bon enfliyan pou lòt moun bòkote nou tou.

TIMOUN YO

Ou se yon pyonye tou!

Pyonye se moun ki prepare chemen pou lòt moun suiv.

Desine oubyen chèche yon foto zansèt ou. Èske w ka jwenn yon istwa sou fason yo te prepare chemen an pou ou suiv? Ekri de fason ou ka vin pyonye jodia. Ou kapab pataje ide ou nan pwochen sware famiyal la!



Lafwa, Fanmi, Sekou

Potansyalite nou pou nou vin paran

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kijan konpreyansyon sou "Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan" ka ogmante lafwa nou nan Bondye epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Eldè Dallin–H. Oaks nan Kolèj Douz Apot yo te anseye, "Li te esansyèl pou pitit lespri Bondye yo gen nesans nan mòtalite ak opòtinite pou yo pwogrese al nan lavi etènèl." "Atravè objektif final gran plan bonè a, mwen kwè ke pi gwo trezò sou latè a ak nan syèl la se pitit nou ak posterite nou."¹

Eldè Neil L. Anderson nan Kolèj Douz Apot yo te di:

"Nou kwè nan fanmi, epi nou kwè nan pitit. . . .

". . . Bondye te di [Adan ak Ev,] Se pou nou fè pitit, pou nou multipliye, epi ranpli tè a" [Jenèz 1:28] . . .

"Nou pa bliye kòmandman sa a, ni mete l sou kote nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye-Jou yo."²

Malgre nout tout pa ka vin paran nan lavi sa a, nou ka pran swen timoun tout laj. Nou jwi benediksyon ki se fè pati fanmi Papa ki nan syèl la, epi nou ka fè eksperyans

lajwa ak difikilte ki genyen nan fè pati yon fanmi sou tè a. Epi, anpil moun ap vin paran nan letènite kap vini yo.

Ekriti adisyonèl

Sòm 127:3; Matye 18:3-5;
1 Nefi 7:1; Moyiz 5:2-3

Istwa Vrè

Eldè Anderson te di: "Anpil vwa nan mond la jodia ap diminye enpòtans pou moun fè pitit, oubyen sijere pou yo tann, oubyen limite kantite pitit nan yon fanmi." "Pitit fi m yo te pale m de yon blòg yon manman ki se kretyen (ki pa manm Legliz nou an) ki gen senk pitit te ekri. Li te ekri: "Pandan n ap grandi nan kilti sa a, li difisil anpil pou n jwenn pèspektif bibliik sou matènite. . . . Yo mete fè pitit nan nivo apre kolèj. Piba pase vwayaje se sèten. Piba pase sòti al pran plezi ou lèswa. Piba pase kenbe liy ou

nan fè ekzesis. Piba pase nenpòt anplwa ou ta ka jwenn oubyen espere jwenn.' Apresa li ajoute: "Matènite se pa pastan, se yon apèl. Nou pa koleksyone timoun paske nou wè yo pi bèl pase tenb postal. Se pa yon bagay pou nou fè paske nou ka jwenn yon ti tan pou antre l nan pwogram nou. Se pou sa Bondye ba nou tan."³

NÒT

1. Dallin H. Oaks, "The Great Plan of Happiness," *Ensign*, Nov. 1993, 72, 75.
2. Neil L. Andersen, "Children," *Liahona*, Nov. 2011, 28.
3. Neil L. Andersen, "Children," 28.

Konsidere Sa

Nan ki fason fanmi terès nou an sanble avèk fanmi selès nou an?